CUPLIKAN-CUPLIKAN PINILIH SAKING KARYA SERAT HAZRAT MASIH MAU'UD

SELECTIONS FROM THE WRITINGS OF THE PROMISED MESSIAH IN JAVANESE

Published by
ISLAM INTERNATIONAL PUBLICATIONS LTD.

CUPLIKAN-CUPLIKAN PINILIH SAKING KARYA SERAT HAZRAT MASIH MAU'UD

SELECTIONS FROM THE WRITINGS OF
THE PROMISED MESSIAH
IN JAVANESE

Published by
ISLAM INTERNATIONAL PUBLICATIONS LTD.

ISBN 1 85372 059 3

Translated by : R. Soedjadi Malangjoedo

Printed by
GUNABAKTI GRAFIKA
Jakarta, Indonesia

Minangka mengeti Seabad madegipun Jemaat Ahmadiyah Sedunia

Buku punika arupi sumbangan saking tiyang-tiyang Ahmadi ingkang, malah ing abad punika, pinuju dipun aniaya lan dipun syahidaken namung tulus karana piyambakipun nggadahi katresnan lan ngagungaken Tauhid. Piyambakipun punika pangejawantahan saking semangat Bilal.*

* *Bilal r.a. punika satunggaling sahabat Rasulullah Muhammad saw. Sanadyan piyambakipun pikantuk sedaya rupi tindak aniaya ingkang anggegirisi lantaran piyambakipun mlebet ing agami Islam, nanging piyambakipun sedya seda tinimbang kedah nilar kaimanan dumateng Tauhid Ilahi.*

DAFTAR ISI

بسم الله الرحمن الرحيم

BEBUKA

Satus tahun sapengkeripun punika Hazrat Mirza Ghulam Ahmad (1835–1908) medar sabda bilih panjenenganipun kautus dening Gusti Allah. Cuplikan-cuplikan ingkang sae-sae piyambak ing antawisipun karangan-karangan anggitanipun, ingkang kamot ing risalah punika kakempalaken minangka pepengetan satunggal abad madegipun 'Jemaah Ahmadiyah' ingkang kadapuk dening Gusti Allah Piyambak.

Sanadyan tansah dipun ganggu lan dipun mengsahi, Jemaat punika tansah angalami kemajengan ingkang lancar ing pundi-pundi saindenging bawana. Jemaat Ahmadiyah sampun madeg ing 117 nagari lan boten nate kendel anggenipun ngumandangaken suwaranipun Islam Sejati.

Amrih saged anggagapi 'dakwah' (giyaran Islam) lan kados pundi menggah pola agungipun jemaat punika, cara ingkang sae piyambak inggih punika lantaran saking nyumerepi pangakenipun Hazrat Mirza Ghulam Ahmad. Wondene cara ingkang mathuk tuwin cara kangge anjajagi isi piwulangipun inggih punika sarana ngupaya wangsulan ingkang leres kangge pitakenen-pitakenen ingkang tuwuh wonten ing salebeting manah tumrap sintena ingkang sumedya ngupaya kabeneran saking salebeting karangan-karanganipun priyantun ingkang angaken kaangkat dados Al-Masih ingkang dipun janjekaken Gusti Allah tuwin dados Al-Mahdi kanthi panalaran ingkang adil.

Ing ngandhap punika kapaparaken cukilan-cukilan sawatawis asal saking karangan-karanganipun ingkang kasebat sae piyambak, kasadyakaken arupi 'prosa' lan 'puisi', ingkang mratelakaken kabetahaning manungsa ingkang perlu-perlu sawatawis. Pangajeng-ajeng kula, mugi para maos boten namung pikantuk katerangan, nanging ugi pikantuk papadang tuwin ilham gegayutan kaliyan rupi-rupi prakawis lantaran saking aneliti punapa ingkang kaunjukaken punika, sanadyan namung sakadar nginjen saking jendela mirsani saking karya-seratan ingkang cacahipun 80 punika anggitanipun Hazrat Al Masih Mau'ud (ingkang kajanjekaken).

Jemaat Ahmadiyah, satunggiling 'Gerakan Internasional' ing salebeting Islam, dipun adegaken ing tahun 1889 ing kitha Qadian, negari India. Ingkang ada-ada Hazrat Mirza Ghulan Ahmad, ingkang angaken dipun dadosaken Masih Mau'ud, ingkang datengipun ing ngalam donya dipun ajeng-ajeng, kanthi anyandang rupi-rupi nama lan pangkat dening umat agama ingkang warni-warni. Umat Hindu angajeng-ajeng Krishna; umat Kristen angajeng-ngajeng Almasih; umat Budha angajeng-ajeng Budha; dene umat Islam angajeng-angajeng Mahdi lan Al Masih.

Anampi dawuhing Pangeran, Hazrat Mirza Ghulam Ahmad amedhar sabda ingkang sifatipun revolusioner bilih ingkang bade dateng punika namung satunggiling juru pamugar agami inggih satunggiling Al Masih ingkang datengipun kados dene panjalmanipun sadaya wujud ingkang dipun dawuhaken Pangeran bade kautus, ingkang kadawuhan ngimpun sadaya umat manungsa ing satunggal wadah agami asifat universal. Hazrat Mirza Ghulam Ahmad ugi mratelakaken bilih Al Masih Mau'ud punika boten jumeneng Utusan ingkang mandiri piyambak, ananging satunggiling utusan ingkang kabawahaken dening Kanjeng Nabi Muhammad Mustafa saw. Hazrat Mirza Ghulam Ahmad pitados manawi Islam punika syari'at pungkasan sarta lengkap ingkang mranata gesanging manungsa; salajengipun Hazrat Ahmad mratelakaken bilih Al Masih ingkang kedhawuhaken badhe dhateng punika badhe kautus ing antawisipun umat Islam kanthi pangkat nabi-umati ingkang pangkatipun sangandhapipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. Wondene dhatengipun, makaten ngandikanipun, badhe ngumandhangaken wanci bangun enjingipun jaman kamajenganipun agami universal ingkang dipun ajeng-ajeng kanthi sanget dening umat manungsa.

Ing taun 1889 Hazrat Ahmad kautus Pangeran murih amblabari pambangunan dhasar-dhasar Jemaat ingkang badhe amujudaken punapa ingkang dipun angkah dening rawuhipun punika. Salajengipun tanggal 23 Maret 1889 kanthi nampi janji prasetya (bai'at) saking para saderek ingkang sami pitados dateng pangakenipun Hazrat Ahmad punika, panjenenganipun kanthi resmi mariwaraaken madegipun Jemaat Ahmadiyah ing kitha Ludiana ing propinsi Punjab, nagari India.

Sasampunipun nagari India kapalih, Markas Jemaat Ahmadiyah kapindhah saking nagari India dhateng nagari Pakistan, lan ing nagari punika Jemaat Ahmadiyah ambangun kitha alit ingkang cekli kanthi nama Rabwah, ingkang salejengipun kadadosaken markasipun sasampunipun Imam Jemaat tuwin kathah tiyang Is-

lam sami angungsi saking India dateng Pakistan.

Kathah tindak-tanduk tiyang-tiyang ingkang amengsahi Jemaat Ahmadiyah sawanciwanci. Tindak-tanduk ingkang sipatipun amengsahi Jemaat, ingkang kasuwur sanget inggih punika ing taun-taun 1953, 1974 tuwin 1984. Aksi ingkang pungkasan katindakkaken kanthi pangayomaning sarta bantuaning Pemerintah Pakistan. Sabakdanipun punika kalampahaken undang-undang anti-Ahmadiyah. Tindakan diktator Pakistan rikala samanten saking Jendral Zia-ul-Haq angalang-alangi sarta angawisi kemajengan Jemaat tuwin angrampas hak asasi-nipun anggota Jemaat Ahmadiyah.

Sanadyan dipun aben-ajengakèn dateng kawontenan ingkang nyata bilih Jemaat Ahmadiyah kedah angalami pangurbanan ingkang samanten awratipun, daya upayanipun Pemerintah tuwin para ulama ingkang tumut aksinipun Pemerintah, saking kepareng-ing Gusti Allah sampun kagagalaken.

Wondene gegayutan kaliyan nagari-nagari sanes ing donya punika, uwohipun tindak memengsahan punika arupi tekad mantep para Ahmadi sumadya angudi daya amrih kamajenganipuan Jemaat saya matikel-tikel agengipun.

Ananging salaminipun nindakaken perjuangan ingkang awrat amrih saged lestari gesangipun sarta nindakaken perjuangan amrih saged pikantuk hak kamardikan manungsa punika, maewon-ewon Ahmadi ingkang angalami panyikara ingkang sakalangkung awrat arupi ukuman kunjara dumugi ukuman badan saha kapejahan.

Ing antawispun acara-acara Tasyakur kangge mengeti madegipun Jemaat Ahmadiyah satunggal abad sipatipun internasional, ingkang kapetang ageng sanget inggih punika anglahiraken raos syukur ingkang kawujudaken arupi angedalaken alih-basa Kitab Suci Al Quran, Hadis-hadis pilihan Rasulullah saw tuwin salongipun saking karya-tulis anggitanipun Hazrat Masih Mau'ud dateng langkung saking satus rupi basa. Wondene risalah punika sabagian saking pangejawantahan angen-angen sarta pola acara ingkang mulya punika.

S.H. Abbasi
Add. Vakilut-Tasnif
& Nazir Isyaat
London.

ALLAH MAHA LUHUR

Suwarga kita iku Pangeran kita. Ing Wujuding Pangeran iku ananing kanikmatan kang sanikmat-nikmate, sabab aku wus sumurup dewe lan sakabehing kaelokan dumunung ing Wujude. Rajabrana iku patut den darbeni, sanajan kudu kalayan angurbanake jiwa luwih disik.

Mas picis rajabrani iki patut dituku, sanadyan kudu kanthi nyirnakake wujud kita sakabehe. E, wong-wong kang pada mangerti! Pada enggal-enggala lumayu menyang tuking tirta marta iki, supaya rasa ngelakmu disirnakake. Ya iki tuking tirta marta kang bakal anylametake uripmu. Apa ta kang kudu daklakoni lan kepriye olehku kudu nerusake pawarta iki marang atine manungsa kabeh? Kanthi bende kang kapriye rupane pawarta iku kudu dak kumandangake ing lurung-lurung manawa Pangeran iku benerbener ana, supaya wong-wong kabeh pada krungu? Sarana tamba apa ta pangrungune wong-wong kang tuna rungu bisa krungu? Jen andika pancen kagungane Pangeran, percayaa manawa Pangeran iku darbemu dewe.

(Ruhani Khazain, jilid 19; Kisyti Nuh, kaca 19—20)

E, wong-wong kang pada krungu, rungokna! Apa ta satemene kang dikarsakake Pangeran iku? Mung ana siji, ya iku, dadiya andika iku kagungane Pangeran. Poma aja pisan andika anyawijeake Pangeran karo sapa bae, ana ing langit ora lan ing bumi uga ora. Pangeran kita iku Pangeran kang saiki uga isih sugeng kaya sing uwis-uwis. Saiki uga Pangeran isih paring pangandika kaya sing uwis-uwis; Saiki uga Pangeran isih midanget kaya sing uwis-uwis; Keliru banget panemune wong kang ngarani manawa ing jaman iki Pangeran mung saged midanget, ananging ora saged ngandika; Pangeran iku saiki isih tetep midanget lan paring pangandika. Sakabehing sipate Pangeran iku langgeng. Ora ana sipat sawiji apa kang ilang utawa banjur mendeg dadi luluh, saiki ora apa dene ing tembe. Pangeran iku Tunggal, Mung Sawiji, tanpa pasangan. Tanpa putra lan tanpa garwa. Pangeran iku tanpa padan, tanpa ana kang amadani. Ora ana kang pada karo Pangeran, utawa kang darbe sipat kaya sipate Pangeran. Saka sakabehe kekuatane Pangeran ora ana kang suda. Pangeran iku cedak, sanadyan adoh,

lan Pangeran iku adoh sanadyan cedak. . . . Pangeran iku kang duwur piyambak, ananging kita ora bisa ngarani yen ing sangandape Pangeran ora ana apa-apa. Pangeran iku lenggah ing Dampar (Arsy), ananging ora bisa diarani ora ana ing bumi. Pangeran iku manunggale kabeh sipat kasampurnan lan pusering sakabehe pangalembana, puser sakabehing kabecikan lan kang nyakup sakabehe kekuatan lan kang amancarake sakabehe nugraha lan kang panggonane sakabehing titah pada bali lan kang andarbeni sakabehe kaprajan lan sakabehe sipat-sifat luhur, lan kalis saka kekurangan sarta karingkihan. Pangeran iku wus katetepake kanthi khusus dadi sesembahane sarupane titah ing bumi lan saisine langit.

(Ruhani Khazain, jilid 20; Al Wasiat, kaca 10—11)

PANGERAN NGATON MARANG KAWULANE KANG BEJA

Wong kang ora kalis saka rasa was-was, uga ora bakal kalis saka paukuman. Wong kang ora begja bisa andulu Wajahe Pangeran ing donya iki, ana ing dina kiyamat ora sande bakal tumiba ing kahanan peteng. Pangeran ngandika:

من كان فى هذه اعمٰى فهو فى الآخرة اعمٰى

"Sing sapa wuta ing donya iki, uga bakal wuta ing akhirat." (17 : 73)

(Ruhani Khazain, jilid 13, kaca 65; Kitab al-Bariyah, kaca 47)

PANGERAN AMARINGI PIWALES MARANG KAWULANE KANG PRASETYA

Satemen-temene Gusti Allah iku Maha Prakasa lan Maha Kuwasa. Sing sapa amasrahake jiwane marang Pangeran kanthi katresnan sarta kaprasetyan kang tulus, uwong-uwong mau ora bakal kalirwakake. Mungsuh angancam bakal anyirnakake uwong-uwong kang prasetya mau kanthi rencana jahate lan niyate kang dursila. Ananging Pangeran ngandika: E, uwong-uwong kang bodo! Apa jeneng sira sumedya memungsuhan karo Jeneng Ingsun? Apa je-

neng sira bisa angasorake kawula kang Ingsun tresnani? Satemene, ora bakal ana kedadeyan ing donya iki kajaba kang wus katakdirake dening Langit sadurunge. Lan, ora ana tangan kadonyan kang bisa anggayuh nganti tumeka wates kang wus katakdirake dening Langit. Pramula, bodo banget uwong-uwong kang pada anduweni rencana zalim. Nalika uwong-uwong kang anganggit rencana kang makruh lan amirangake iku, ora pada eling marang Wujud Kang Maha Agung sarta Maha Kuwasa, nganti manawa tanpa dikarsakake dening Pangeran, ora bakal ana godong salembar kang tumiba ing bumi. Amarga saka iku, uwong-uwong mau ora bakal ketutugan apa kang diniyatake lan amarga saka iku, uwong-uwong mau bakal wirang dening gagale niyat-niyate. Ora ana sathithikthithika mudharat kang bakal nibani uwong kang bener saka kalakuane uwong-uwong kang ala atine; malah, tanda-tanda Pangeran tansah den weruhi lan wawasan ngelmune kawulane Gusti Allah bakal terus mundak jero. Gusti Allah Kang Maha Prakasa lan Maha Kuwasa, sanadyan tan kasatmata dening pancadriya, bakal ngatonake Wujude kanthi pratanda-pratanda ajaib.

(Ruhani Khazain, jilid 13, kaca 19; Kitabul Bariyah, Mukadimah, kaca 1)

Gusti Allah iku nurcahyaning langit lan bumi; yaiku, saben cahya kang kasatmata ing panggonan kang duwur lan kang cendek, uga kang katon ana ing arwah-arwah apa dene ing jasad-jasad, kang asipat batin apa dene lahir, iku kabeh mung saka kemurahaning nugrahane Pangeran. Kang mangkono iku dadi pratanda manawa nugrahaning Pangeran, Rabb saindenging alam, anyrambahi sakabehing samubarang, lan manawa tan ana barang kang luput saka nugrahane. Pangeran iku tuking sakabehing nugraha lan sebab pungkasan sakabehing cahya lan tuking sakabehing rahmat. Anane Gusti Allah kang hakiki iku dadi panuntuning sagumela ring alam lan pangayoming apa-apa kang dhuwur utawa kang cendhek. Gusti Allah iku kang andadekake titah saka kahanan peteng tanpa wujud dadi titah kang pinaringan wujud. Tan ana wujud liya kajaba Gusti Allah, Kang anane saka Kekuwaosane Piyambak lan Langgeng; apa bae kang awujud mung titah kang kari nampa nugrahane Pangeran. Bumi lan langit, manungsa lan sato kewan, sawernaning watu lan tetuwuhan, jiwa lan raga, kabeh iku pada mawujud saka berkahe nugraha-Ne.

(Ruhani Khazain, jilid 1, catatan kaki kaca 191, 192; Barahin Ahmadiyah, catatan kaki, 11)

Dalam bahasa Jawa 'ngoko':

Sakabehing pangalembana katur Wujud Kang Langgeng
Tanpa Wates lan tan ana kang amadani
Kang tetep langgeng, liya-liya wujud kabeh asipat fana (sawatara mangsa)
Manembah wujud liya iku mung lamunan
Aku adoh saka iku kabeh;
Mung Gusti Allah pepundhening atiku
Atiku anjerit: Maha Suci Gusti Kang andulu wujudku
Gusti Panulunge kabeh dumadi;
Rahmate katara kanthi tetela
Amung ing sajeroning Wujude Gusti mapan katententeramaning ati
Gusti Kang dadi pepundhening ati
Tanpa Gusti kita nglengkara bisa urip;
Sakebehing wujud liya mung wujud goroh
Muga Kamulyakna dina iki,
Maha Suci Gusti Kang andulu wujudku iki.

(Ruhani Khazain, jilid 12, kaca 319; Mahmud Ki Amin, kaca 3)

Dakkandani kanthi temen manawa ing sajerone wujud saben jiwa tuwuh hasrat ngupadi kabeneran lan saben ati digandrungi rasa ngelak marang kabeneran, mula manungsa ngupadi Lurung iki lan ngambah Dalan iki. Ananging, kapriye anggone lumangkah ing dalan iki lan nganggo piranti apa supaya aling-aling iki kabiak? Dakyakinake kabeh uwong kang pada ngupadi kabeneran, manawa tan ana liya ya mung Islam kang amenehi kabar suka babagan prakarsa Dalan iki, dalah umat-umat liya wus antara lawas amatri Ilhame Gusti Allah. Mula sing pada yakin, manawa dudu Gusti Allah kang amatri, nanging manungsa dewe saka kaluputane dewe, kanthi nganak-anakake alasan. Lan di padha yakin marang kasunyatan iki, yaiku yen mokal kita bisa weruh tanpa angganggo mata, utawa mokal kita bisa angrungu tanpa anganggo kuping, utawa mokal kita bisa celathu (ngomong) tanpa anganggo ilat, mangkono uga mokal kita bisa anyekseni kaendahaning Pasuryaning Kang Kinasih tanpa lumantar saka al Quran. Aku wus nate dadi pria remaja, dene saiki aku wus dadi uwong tuwa. Ewa samono, aku ora nate amrangguli uwong kang nate angicipi serbat makrifat bening gumebyar saka bokor iki tanpa anane sumirating sumur warih marta iki.

(Ruhani Khazain; jilid I, catatan kaki, kaca 191—192; Barahin Ahmadiyah, bag. 2)

Saya suwe saya tetela, tuking cahya gemebyaring cahya
Tumuli dumadi saka sumirating cahya iku, jagad agung iki
minangka pangiloning netra.

Andulu sang candra ing langit rikala wengi wingi, tuwuh rasa
ngresula
Sabab ana ayang-ayang sathithik saka Pasuryane Sang Kinasih.
Gumun dening kaelokan iki, tumuli sajeroning ati ana krenteg
sedya mrepeki

Aja pisan-pisan angarani kaindahane Turki lan Tartar!

O Gusti! Kados pundi anggonipun anggumunaken dayamerak ati
Paduka ingkang manjalma ing pundi-pundi
Nadyan dateng endi pandulu kawula katujokna, katinggal
wela-wela kalih margi ingkang tumuju dateng Wujud
Paduka.

Ing salebeting puser baskara katingal ombaking Penguwasa Paduka
gulung-gemulung
Saben Kartika kumelip saking kaagungan Paduka.

Paduka angagem asta Pribadi anyebar uyah ing sakabehing jiwa,
Andadak anjerit ati kang kangen dening agenging katresnan.

Kanthi kaajaiban khas saben zarah titah sampun Paduka jamah.
Sinten ing kang sagah maos sakatahing prakawis ingkang gaib
punika?

Tan wonten manuswa ingkang saged nyumurupi puncak
Panguwasa Paduka
Mula ing ngriku gumelar satunggiling cangkriman rumit.

Ing salebeting kaelokan sinungging Kaanggunan Paduka,
Saben puspa ing salebeting taman katularan warna sakang
puspaning taman Radika

Sintena ingkang mabuk dening kaelokan Paduka, saben kedeping
netranipun tansah angemutaken dateng Paduka
Mung dateng Paduka saben lembar rambut ikal ngacungken
pucukipun.

(Ruhani Khazain, jilid 2, kaca 52; Surma Casma-e-Arya, kaca 4)

Tauhid iku sawijining Nur kang tuwuh ing sajeroning ati sauwise manungsa nyirnakake sakabehe sesembahan lahir lan batin. Nur iku nrobos zarah-zarah wujuding manungsa. Mula, kapriye mungguh bisane kedadeyan anane Nur iku bisa digayuh kanthi angandelake kekuatane dewe tanpa anane pitulungane Pangeran sarta Utusanne (Allah lan Rasule)? Kuwajiban manungsa iku mung saderma anekakake patine diri pribadi (aku utawa ego) lan nyirnakake sipat angkuh saka dayane setan. Manungsa sayogyane aja dadi gumedhe sabab kaayun-ayun dening ngelmu; kosokbaline anggepen awake dewe iku ora liya mung sawijine uwong tuna ngelmu, sabanjure supaya rame ing gawe sarta ndonga. Manawa wus mangkono Nur Tauhid lagi bakal tumurun marang manungsa, sauwise iku bakal wiwit diparingi urip anyar.

(Ruhani Khazain, jilid 22, kaca 148; Haqiqatul Wahyi, kaca 148).

Gusti Allah iku Allah Kang Maha Prasetya. Marang uwong-uwong kang pada tetep prasetya marang Pangeran, Gusti Allah angatonake sunahe kang ajaib. Donya tansah arep ngganyang uwong kang prasetya, lan saben musuh rumasa jengkel marang uwong kang prasetya iku. Nanging Gusti Allah Kang dadi mitra tuhu tansah angayomi saka bebaya kang tumeka marang uwong kang prasetya iku, lan Pangeran tansah menangake mitrane ing kancah paperangan. Begja banget uwong kang tansah ngugemi kaprasetyan marang Pangeran.

(Ruhani Khazain, jilid 19; Kisyti Nuh, kaca 20)

RASULULLAH

Cahya agung kang dianugerahake marang manungsa kang paripurna ora ana ing wujuding malaikat, ora ana ing wujuding sato kewan, uga ora ana ing wujuding rembulan, lan ora ana ing wujuding surya. Cahya iku ora ana ing wujuding samodra lan bengawan-bengawan ing donya. Cahya iku uga ora ana ing wujuding waktu-watu kaya dene delima utawa yakut, jamrud utawa nilem lan mutiara. Ringkese, ora ana ing wujud barang-barang kadonyan utawa kaagaman. Anane mung ana ing wujuding manungsa, yaiku, ing sajeroning manungsa paripurna kang wujude mantep, sampurna, luhur kaya dene kang ana ing wujude Kanjeng Nabi Junjungan kita, Pengulune para Nabi, Pengulune sakabehe titah,

Muhammad shalallahu 'alaihi wasallam. Dadi, cahya iku diparingake marang manungsa iku, lan miturut urutan martabat, marang kabeh pribadi kangsa-*warna* kaya panjenengane, yaiku, marang uwong-uwong kang martabate nganti tumeka kadar kang katetepake, lan ngandung *warna* iku. . . . Keanggunan kang sa-duwurduwure, sasempurna-sempurnane lan saganep-ganepe dumunung ing salirane Kanjeng Nabi, Junjungan kita, Panuntun dalan kita, nabi tuna-aksara, sidik, masduk (wujud kang kabenerane diakui), Muhammaf Mustafa shalallahu 'alaihi wasallam.

(Ruhani Khazain, jilid 5, Ainah Kamalati Islam, kaca 120,121)

Aku tansah anyawang kanthi rasa kagum marang Panjenengane Nabi bangsa Arab kang asmane Muhammad iki (maewon-ewon salawat lan salam muga kaparingna marang panjenengane). Mendah duwure martabat iki! Kita ora bisa angira-ira watese puncak kaluhuran kelenggahane. Dudu pagaweyane manungsa supaya bisa angregani keluhurane *quwwat qudsiyah*, babagan kasuciane kanthi mantep. Eman banget dene martabate kang samono luhure ora disumurupi dening manungsa samestine. Tauhid kang wus sirna saka lumahing bumi wus diasta bali kaping pindone dening Sang Pahlawan iku. Panjenengane tresna banget marang Pangeran kanthi katresnan kang tulus ing ati. Mangkono uga pribadine nyawiji karo sapada-padane manungsa saka katresnane kang tulus. Sabab saka iku, Pangeran Maha Agung kang ngawuwuningani kahanan penggalihe Kanjeng Nabi angutamakake panjenengane katimbang para nabi sakabehe, lan katimbang sakabehe umat manungsa kang sadurunge lan kang sapengkere Kanjeng Nabi. Gusti Allah angijabahi apa kang dikersakake Kanjeng Nabi kang sinimpen ing sajerone panggalihe salawase sugeng.

(Ruhani Khazain, jilid 22; Haqiqatul Wahyi, kaca 118, 119)

Nabi Muhammad shalallahu 'alaihi wassallam ing sajeroning salirane ngandung asmane para nabi sakabehe, sabab wujud-sucine nyawijekake sipat-sipat utama kang beda-beda ragame. Mula, Nabi Muhammad iku uga Nabi Musa, uga Nabi Ngisa, uga Nabi Adam, uga Nabi Ibrahim, uga Nabi Yusuf lan Nabi Yakub. Gusti Allah Maha Mulya andawuhake kasunyatan iku dening pangandikane:

فبهداهم اقتده

"Mulane turutana pituduhe kabeh para nabi iku" (6 : 91)

yaiku tegese: "E, Rasulullah, kumpulna ing wujudmu kabeh pituduh kang digawa dening saben nabi kanthi tumemen. Dadi nyata yen pamoring para nabi kabeh tinemu ing sajerone wujud Rasulullah shalallahu 'alaihi wasallam. Satemene, asma Muhammad shalallahu 'alaihi wasallam wus angandung pratanda anane kasunyatan iki. Sabab, Muhammad ateges 'uwong kang pinuji' Pujian kang duwur banget drajate iku lagi tekan, yen wus sinandang dening wujud Rasulullah shalallahu 'alaihi wasallam kabeh ragam sipat-sipat utamane para nabi.

(Ruhani Khazain, jilid 5; Aina Kamalati Islam, kaca 343)

Jen kita anggatekake kanthi sawangan kang adil, kita bakal nyumurupi, jen saka kabeh silsilah (asal-usul) kenabian mung siji kang gagah prakosa, kang nilaki sugenge tansah rame ing gawe lan kinasih piyambak dening Pangeran, yaiku Kanjeng Nabi Pengulune para nabi, kang diluhurake asmane dening para rasul, makuthane kabeh Utusane Pangeran kang asmane Muhammad Mustafa shalallahu 'alaihi wasallam.

(Ruhani Khazain, jilid 12; Sirajun Munir, kaca 82)

Sawijine kadadeyan kang ajaib dumadi ing setengahing segara wedhi telatah Arab, nalika atusan-ewu uwong kang wus pada mati urip meneh ing sajerone sawatara dina, lan nalika uwong-uwong kang salawase pirang-pirang keturunan wus bejat budi-pekertine, andadak banjur salin rupa lan dadi mandep marang Pangeran. Nalika iku uwong-uwong kang wuta wiwit pada weruh lan ilate uwong-uwong kang bisu wiwit bisa celathu ngucapake tetembungan kang mentes babagan agama lan kasinungan makrifat Ilahi. Sawijine wolakwaliking jaman kang pecah ing donya, kang sadurunge iku durung nate lan krungu kahanan kang kaya mangkono. Apa andika kabeh mangerti kahanan apa iku? Kahanan kang mangkono. Apa andika kabeh mangerti kahanan apa iku? Kahanan kang mangkono iku disebabake dening donga-donga kang diunjukake ing ngarsane Pangeran ing sajerone peteng-dedeting wayah bengi dening sawijine manungsa kang kintir dening katresnan, nganti donya dadi rame. Kahanan iku ngatonake kedadeyan-kedadeyan ajaib, kang tan kinira bisa dumadi saka ulahing sawijine uwong tuna-aksara kang tanpa daya. O, Gusti, mugi kersa amaringi selawat lan salam sarta berkah dateng panjenenganipun lan para panganutipun minangka piwalesiang kaprihatosanipun lan ang-

genipun nandang duka kangge umatipun, lan mugi katurunaken dateng panjenenganipun rahmat Andika salami-laminipun.

(Ruhani Khazain, jilid 6; Barakatud Dua, kaca 10)

HAZRAT MASIH MAU'UD

Jeneng ingsun andulu ing sajerone impen yen uwong-uwong lagi pada wira-wiri ngupadi sawijine *Muhyi* (yaiku uwong kang bisa nguripake; utawa uwong kang bisa angobahake). Salah siji saka uwong kang pada anggrombol iku mrepeki kawula iki, lan celathu karo nuding marang ingsun:

هذا رجل يحب رسول الله

tegese: "Iki lho uwong kang anrisnani Rasulullah." Ucapan iki ateges yen kang dadi sarat utama kanggo amangku jawatan (Muhyi) iku katresnan marang Rasulullah, lan miturut panemune uwong-uwong mau ingsun wus anyukupi sarat iku (mustabak).

(Ruhani Khazain, jilid 1, Barahin Ahmadiyah, catatan kaki, kaca 598)

Donya ora nampa rawuh ingsun, sabab ingsun ora saka donya iki. Sanadyan mangkono, uwong-uwong kang pada dianugerahi kamampuan ngrasakake wawasan alam liya, pada nampa ingsun lan ing tembe bakal nampa ingsun. Sing sapa anolak marang ingsun ateges deweke anolak marang Pangeran kang angutus ingsun. Sing sapa pada anggabungake salirane marang ingsun, deweke wus anggabungake salirane marang Gusti Allah, saka Sapa ingsun iki tekane. Ing astaningsun ingsun angasta obor. Sapa uwonge kang mrepeki ingsun, bakal tenerangan dening cahyaning obor iku. Sing sapa nyingkiri obor iku, bakal kalebokake sajerone peteng. Ingsun benteng kang kukuh ing jaman iki. Sapa wonge kang lumebu ing sajerone benteng iku, jiwane bakal slamet saka maling, rampok lan kewan galak.

(Ruhani Khazain, jilid 3; Fatah Islam, kaca 34)

Ingsun sumpah kanthi asmane Gusti Allah Kang angasta patiurip ingsun. Ingsun diparingi luwih unggul katimbang saben jiwa babagan amahami kasunyatan-kasunyatan lan makrifat-makrifat

Al Quran. Yen sawenehe kyai kang anglawan ingsun teka anetepi undangan ingsun kang ingsun kirimake bola-bali supaya ngungguli ingsun ing bab amratelakakake tafsir Al Quran, Gusti Allah bakal angasorake sarta amirangake. Sabab, wawasan ilmu Al Quran kang diparingake marang ingsun iku minangka sawijining pratanda saka Gusti Allah Maha Agung. Kanthi nugraha Pangeran iku ingsun darbe kayakinan jen ing sajerone sawatara wektu umat manungsa ing saindenging donya bakal anyekseni benere ucapan ingsun.

(Ruhani Khazain, jilid 2, kaca 41; Siraj-ul-Munir, kaca 41)

Ingsun ora piyambakan. Gusti Maha Suci ana ing sisih ingsun. Tan ana manungsa sawiji apa kang luwih cedak karo ingsun kajaba saka Pangeran. Ora liya mung saka nugrahane Gusti iku ingsun dianugerahi jiwa kang asipat tresna-anesrani, tansah sumadhia angrungkebi agama, sanadyan kudu sangsara lan kudu angupaya sakuating tenaga kanthi toh-pati kanggo ambela Islam. Pangeran wus angutus ingsun supaya angemban tugas iki lan tan ana sawijining manungsa sapa bae kang bisa ngalang-alangi ingsun.

(Ruhani Khazain, jilid 5, Aina Kamalati Islam, kaca 35)

Cukup amaremake tumrap uwong mutaki anyekseni yen Gusti Allah datan anyirnakake ingsun kaya dene uwong-uwong kang goroh, malah Gusti Allah wus aparing marang ingsun katresnan tanpa wates, ing tata lahir apa dene tata batin. Ingsun isih remaja nalika ingsun anampa wahyu lan ilham saka Pangeran. Saiki ingsun wus dadi uwong tuwa lan wus liwat saka rongpuluh warsa sauwise ingsung ngumumake tugas suci ingsun kang pecak sapisan. Uwis akeh mitraningsun lan sanak sadulur ingsun kang luwih muda tinimbang karo ingsun kang pada wafat, ananging Pangeran aparing marang ingsun umur dawa lan tetep angayomi ingsun sarta maringi pitulung marang ingsun yen ana keruwetan. Wondene ringkese, apa uwong-uwong kang pada anganak-anakake goroh marang Pangeran uga andarbeni Tanda-tanda kaya ingsun?

(Ruhani Khazain, jilid 11; Anjam-e-Atham, kaca 50)

TUJUAN AMBANGUN JEMAAT AHMADIYAH LAN PITUTUR-PITUTUR

E, para mitra-mitraningsun kang wus pada lumebu ing sajerone silsilah be'at marang ingsun! Muga Gusti Allah aparing taufik marang ingsun lan marang sira kabeh, supaya bisa anindakake apa-apa kang andadekake renaning Pangeran. Ing dina iki, wilangan cacah sira isih sethithik lan kasawang saka sawangan umum isih ina, mula sira kabeh isih kudu anglakoni wektu kang seret dening coba. Miturut sunah Allah kang wus tumindak wiwit jaman kuna, saka endi-endi bakal ana setiar supaya sira pada kepleset lan sira bakal pada digawe repot dening cara rupa-rupa lan sira bakal krungu omongan kang warna-warna. Saben uwong kang gawe repot marang ingsun nganggo tembung utawa tangan rumangsa yen lagi ambela Islam. Uga bakal ana ujian samawi (ka-agamaan) kang ngenani sira sathithik, supaya sira kauji nganggo cara-cara liya. Mula, rungokna saiki! Dalan kang tumuju marang kamenangan lan kajayaan sira ora liwat nalar sira kang garing, utawa sira pada angladeni ledeken nganggo ledekan, utawa sumpah sira wales nganggo sumpah. Sabab, manawa sira anempuh dalan iki, ati sira bakal dadi atos lan sira bakal ora darbe pagaweyan liya kajaba saka omong-omong bae, lan sabab saka iku Pangeran bakal amirsani sira kanthi ora rena. Mula, aja pisan tumindak kaya mangkono, supaya dalan-dalan sira ora bakal katiban laknat rong warna — siji laknat saka manungsa lan siji maneh laknat saka Pangeran.

(Ruhani Khazain, jilid 3; Izalah Auham; kaca 546—547)

Sira aja pada mangira yen Gusti Allah bakal anglirwakake sira. Sira iku sawijine wiji saka Pangeran kang wus kadeder ana ing bumi. Allah ngandika: wiji iki bakal tuwuh saya dadi gede; saka saben sisih bakal metu epange lan wiji mau bakal dadi wit gede. Begja banget uwong kang percaya marang firmane Pangeran, lan uwong mau ora bakal wedi ngadepi coba kang bakal teka ing tengahing mangsa iku. Wondene anane coba iku perlu supaya Pangeran anguji sira, sapa kang temen lan tumemen marang Be'ate lan sapa kang cidra. Uwong kang kepleset sabab saka sawijine coba iku datan ngrugekake Gusti Allah, malah kasialane iku bakal anggawa uwong mau mlebu neraka. Jen uwong mau

datan dilahirake, iku luwih becik kanggo uwong mau. Ananging, uwong-uwong kang sabar, nganti pungkasan, sanadyan katrajang musibah, katrajang angin prahara, bangsa-bangsa pada anggeguyokake lan ngledek, lan uwong mau dikoya-koya dening donya, uwong mau pungkasane bakal menang. Lawang-lawang berkah bakal dibukak kanggo uwong mau.

Gusti Allah ngandika marang ingsun, yen ingsun kudu paring dawuh marang Jemaat ingsun, yaiku: uwong-uwong kang pada percaya kanthi iman kang datan kacampuran rasa kadonyan, iman kang datan kacampuran sifat munafik utawa rasa was-was, lan imane anyrambahi kabeh drajat ka-taatan, uwong-uwong kang mangkono iku kang direnani Pangeran. Pangandikane:

(Ruhani Khazain, jilid 20, Al Wasiat, kaca 309)

Mula saka iku, E, kabeh uwong kang pada rumangsa salirane kagolong ing Jemaat ingsun! Ing Langit sira kabeh bakal kagolong ing sajerone Jemaat ingsun, yen sira kabeh pada lumangkah ana ing dalam takwa. Mula saka iku, pada anetepana sembahyang lima wektu kanthi rasa wedi lan amusatake pikiranira, kaya dene sira andulu Pasuryane Pangeran. Lakonana dina-dina puasanira kanthi tulusing ati. Saben uwong kang pantes ambayar jakat, aja pisan anglirwakake. Sing sapa wus nyukupi sarat munggah kaji, tanpa ana alangan sawiji apa, mangkata munggah kaji menyang tanah suci. Lakonana kabeh amal kang becik kanthi saksama, dohana tindak kang ala dibarengi ati jengkel. Emutana yen datan ana amal kang tumeka marang Pangeran, manawa amal iku kosong saka takwa. Saben amal kang becik tuwuh saka takwa. Amal kang datan uwal saka takwa ora bakal tanpa gawe. Perlu uga yen sira pada diuji nganggo kesedihan rupa-rupa, lan di paringi coba kaya kang dialami uwong-uwong mukmin ing jaman biyen. Mula sing pasa waspada, manawa sira pada kepleset. Bumi karo sakabehe isine datan pisan bakal angrusak saliranira, yen hubunganira karo Pangeran tetep rapet. Yen sira sawijine wektu kesandung karuwetan, iku dudu saka ulahe mungsuh sira, nanging saka tanganira dewe. Yen kahurmatanira ing donya siji-siji pada ilang, Pangeran bakal amaringi sira kahurmatan langgeng ing Langit. Mula saka iku, Pangeran aja pisan sira tinggal (adohi); sira kabeh mesti bakal diparingi coba nganggo kasedihan kang rupa-rupa, wondene pangarep-arep-mu isih tetep pangerep-arep. Yen anuju angalami kehanan kang kaya mangkono, sira aja nglokro kelangan semangat, sabab Pangeran lagi anguji sira apa laku-

mu tumuju marang Pangeran mantep apa ora. Saupama sira kabeh kepingin supaya malaikat ing Langit pada nglagokake puji-pujian marang sira, trimanen sabetan lan anteman kang tumiba ing saliranira lan seneng-senenga nampa kasusahan iku. Rongokna unen-unene uwong lan amujiya sukur marang Pangeran. Alamana rasa gela, ananging aja pisan amutus hubungan sira karo Pangeran. Sira kabeh iku siji-sijine Jemaat Allah kang pungkasan. Pitontonake amal kang becik sabisa-bisane nganti kasampurnan bisa mundak nganti tekan derajat kang duwur dewe.

(Ruhani Khazain, jilid 19, Kisyti Nuh, kaca 17)

Ananging, ingsun paring pirsa aja nganti sira mateni kasunyatan sabab arep ambela prakara kang ora adil. Tampan kasunyatan, sanadyan saka sawijining bocah cilik saka pihak musuh. Enggal buangen nalar sira kang kaku lan lenggahana kasunyatan. Kaya dene pangandikane Gusti Allah Kang Maha Mulya kang unine mangkene:

فاجتنبوا الرجس من الاوثان واجتنبوا قول الزور

”Banjur adohana kanajisaning berhala, lan uga adohana ucapan-ucapan kang goroh.” (22 : 31)

Yaiku, adohana kanajisane berhala lan girih, sabab goroh iku datan kurang najise saka berhala. Sawijine samubarang kang ngungkurake saka tujuan kang bener, barang itu uga berhala ing dalan kang sira tempuh. Dadiya saksi kang bener, sanadyan kaseksenira gawe rugi marang wong atuanira, utawa sadulurira, utawa mitranira. Aja nganti sabab saka rasa kurang raket sethithik dadi sabab utawa alangan anglenggahi ka-adilan.

Adohana sipat medit marang pada-pada manungsa, rasa dendam, ngojok-ojoki, meri utawa sirik, lan bengis. Kitab Suci Al Quran iku kabagi dari rong bagian gede. Kang siji yaiku piwulang bab Tauhid sarta katresnan marang Wujud Kang Maha Suci. Wondane kang kapindo yaiku piwulang katresnan marang sanak sadulur lan sakabeh ing titah manungsa.

(Ruhani Khazain, jilid 3, kaca 549; Izalah Auham, bag. 2, kaca 450)

Ugemana kanthi kukuh kabeneran utawa kasunyatan. Aja nganti ninggal kabeneran, sabab Gusti Allah amirsani kahanan

atinira sabenere. Apa manungsa bisa anggorohi Pangeran? Apa goroh bakal bisa migunani ing ngarsane Pangeran?

(Ruhani Khazain, jilid 3; kaca 549; Izalah Auham. bag 2, kaca 449).

Yen sira kepengin supaya Gusti Allah ing Langit rena marang sira, sing pada rukun kaya dene karo sadulur tunggal rama-ibu. Ing antarane sira kabeh uwong kang pantes diajeni mung uwong kang seneng ngapura marang keluputane liyan. Cilaka uwong kang ambrengkeneng lan datan bisa aweh pangapura marang kaluputane liyan; sabab uwong kang mangkono iku dudu saka golongan ingsun. Luwih becik sira tansah wedi marang dedukaning (laknating) Pangeran, sabab Pangeran iku Suci (Kudus), banget agung kabecikane lan luwih-luwih prakara kekudusane. Saben uwong kang ala bebudene ora bakal bisa nggayuh kacedakan (qurub) karo Pangeran. Mangkono uga uwong kang zalim (ambalela), saben uwong kang ora jujur lan saben uwong kang anduweni *ghairat* marang asmane. Sing sapa gandrung marang kadonyan, kaya asu, semut, utawa manuk ulung kang weruh bangke, lan uwong-uwong kang tansah amburu-buru kamewahan lan kasenengan ing donya, uwong-uwong iku datan bisa oleh qurub Ilahi. Saben uwong kang ora suci matane, bakal tetep adoh saka Pangeran. Saben uwong kang atine ora suci, salawase ora bakal anyadari anane Gusti Allah. Sing sapa ing sajerone kasangsaran kaya dene ana ing sajerone geni, saka anggone prasatya marang Pangeran, bakal dislametake saka geni kasangsaran. Sing sapa nangis saka tresnane marang Pangeran, bakal kagawe gembira. Sing sapa angadohi urusan-urusan donya saka tresnane marang Pangeran, bakal ketemu karo Pangeran. Kanthi temen lan tumemen lan tulus ing ati, lan kabarengan dening langkah kang semangat, dadiya sira mitrane Pangeran, supaya Gusti Allah uga dadi mitranira, pitontonake rasa tresna marang uwong-uwong kang ing ngisorira kalungguhane, garwanira, sadulur-sadulurira kang ora kacukupan, supaya sira bakal ditampa ing Langit kanthi kinasihan dening Pangeran. Dadiya sira kagungane Pangeran kanthi temen lan tumemen supaya Pangeran uga dadi darbenira.

(Ruhani Khazain, jilid 19, kaca 14, 15; Kisyti Nuh kaca 12,13).

PEPENGETAN

Mula sabab saka iku, ingsun nganjurake marang sakabehe warga Jemaat ingsun: adohana rasa gumede, sabab Pangeran banget ora rena marang sipat gumede. Ewa dene, sira kabeh embokmanawa durung pada paham apa kang dikarepake nganggo tenbung gumede. Sabab saka iku, sinaonana saka ingsun sabab ingsun ngandika saka karsane Roh Pangeran.

Saben uwong kang angganggep sedulure luwih asor, sabab rumangsa luwih pinter utawa luwih , utawa luwih trampil, uwong kang mangkono mau gumede. Sabab saka ora mangerti yen Gusti Allah iku Wujud Tuking sakabehing nalar lan ngelmu. Uwong mau angganggep awake dewe gede dewe. Apa Gusti Allah datan saged anggawe uwong mau dadi edan (sinting) banjur andadekake sadulure kang dianggep luwih asor nalare, ngelmune lan ketrampilane iku dadi luwih unggul tinimbang uwong mau? Mangkono uga, uwong kang ambanggakake kasugihane, pangkat utawa kalenggahane ing masyarakat banjur anganggep sadulure luwih asor, uga diarani gumede. Sabab uwong mau lali marang kasunyatan yen pangkat lan kalenggahan ing masrakat iku nugraha saka Pangeran. Uwong kang mangkono mau wuta lan datan mangerti yen Gusti Allah iku wenang anekakake musibah saengga dumadakan uwong mau dadi uwong kang asor dewe ing antarane uwong-uwong kang asor derajate. Banjur Gusti Allah amaringake kasugihan lan pangkat kang luwih becik marang sadulure kang dianggep luwih asor iku. Mangkono uga uwong kang gumede lan ambanggakake baguse utawa ayune, kekuwatane lan kemampuane, banjur sauwise oleh pakurmatan banjur ngremehake sadulure sarta menehi sadulure jeneng kang angasorake, tanpa anyadari yen Gusti Allah wenang ing sakejap anekaake karuwetan marang uwong mau nganti panampilane dumadakan dadi luwih ala tinimbang sadulure.

(Ruhani Khazain, jilid 18, kaca 402; Nuzulul Masih, kaca 26)

RASA CURIGA MARANG LIYAN

Rasa Curiga iku sawijining lelara kang enggal banget ambakar iman, kaya dene geni kang kobar-kobar ambakar gegodongan garing. Uwong-uwong kang pada duwe rasa curiga marang Rasul-

Rasule Gusti Allah, Pangeran Piyambak kang dadi musuhe, lan Pangeran bakal tumindak piyambak amerangi uwong-uwong mau. Gusti Allah sakelangkung ageng katresnane marang uwong-uwong kang suci kagungane, kang tanpa ana kang angluwihi. Nalika musuh anyerang ingsun terus-terus, gairat Pangeran iku kang ambludag-bludag nedya ambela ingsun.

(Ruhani Khazain, jilid 20; Al Wasiat, kaca 26, catatan kaki)

Ingsun dawuhake kanthi temen yen rasa curiga iku sawijine bebaya kang banget gedene. Rasa curiga angrusak iman lan anguncalake uwong iku nganti adoh banget saka dalan kang bener. Rasa curiga anggawe mitra dadi mungsuh. Yen arep anggayuh sipat-sipat luhur kang didarbeni para Sidik (wujud kang wus anggayuh tumeka derajat rohani kang duwur sangisore nabi) manungsa perlu angadohi/anyingkiri sipat curiga iku. Yen ing atining sawijining manungsa tuwuh rasa curiga marang liyan, becike banjur enggal maca istigfar lan andedonga marang Gusti Allah supaya dislametake saka maksiyat iki lan saka akibate kang ala kang bakal anyusul. Sipat curiga iku lelara rohani kang ambebayani banget lan kanthi cepet mateni manungsa.

(Malfuzat, jilid I, kaca 356)

Gusti Allah maringi sebutan 'busana' kanggo tembung 'takwa', kaya dene kang kasebut ing Al Quran: لباس التقوى
'Iku mau mratandakake yen bisane tumeka marang kaendahaning rohani lan panganggo rohani kudu lumantar saka takwa. Wondene tegese takwa yaiku angurmati kanthi tumemen sakabehe dawuhe (amanat) Pangeran sarta janji kaimanane marang Pangeran; mangkono uga angurmati kabeh tanggungjawab lan janjine marang sapada-pada tumuju marang kaslametan lan kamajuane. Yaiku sarana anetepi sakabehe tanggungjawabe sabisa-bisane nganti tekan kang sacilik-cilike.

(Ruhani Khazain, jilid 21, kaca 210; Barahin Ahmadiyah, bag. V, kaca 210)

Becike sira uga pada anjupuk saka Ruhulkudus bagian kang arupa anresnani sapadha-padha titah lan anyucekake batinira. Sabab takwa kang sejati datan bakal ginayuh tanpa Ruhulqudus. Tempuhen dalan liwat karenaning Pangeran lan kajaba saka iku angadohi laku saka daya panggugahing nafsu, yaiku dalan kang

sempit datan ana kang ngungkuli sempite. Aja pisan sira mabuk (gandrung) marang kanikmataning donya, sabab kabeh iku mau angadohake saka Gusti Allah. Kasusahan kang andadekake renane Gusti Allah, luwih utama tinimbang karo kasenengan kang andadekake dukane Pangeran. Kakalahan kang marakake Gusti Allah dadi rena, luwih becik tinimbang karo kemenangan kang marakake Gusti Allah duka. Buangen katresnan kang marakake Gusti Allah dadi duka. Yen sira ngadep ing ngarsane kanthi ati kang resik, sira bakal tansah kaparingan pitulung saben saben sira lumangkah lan datan ana mungsuh kang bisa ngrusak sira.

Gusti Allah iku Allah Kang setya banget, lan marang uwong kang prasetya marang Pangeran, Gusti mitontonake sunahe kang ajaib. Donya tansah arep nguntal uwong-uwong kang prasetya iku, lan saben mungsuh gemes arep ngremet-ngremet uwong kang prasetya mau, ananging Pangeran wus dadi mitra tuhune, lan anyelametake mitrane saka bebaya lan angetokakesaka saben gelanggang petarungan kanthi kamenangan. Begja banget uwong kang tetep angugemi Pangeran kanthi temen.

(Ruhani Khazain, jilid 19, kaca 20; Kisyti Nuh, kaca 20)

WAHYU LAN ILHAM

Yen Gusti Allah angersaake aparing pawarta marang kawula-Ne babagan sawijining urusan kang asipat gaib, nadyan minangka wangsulan tumrap dongane, utawa sak karsa-Ne Piyambak, kawulane iku mau banjur kadamel semaput datan eling marang kahanane ing sakiwatengene. Kawula-Ne mau banjur kelangan kasadarane tumrap awake dewe. Kaya dene kahanane sawijine juru silem kang anyilem nyalorot menyang dasaring banyu kang jero datan eling marang wujude dewe. Yen sabaline saka silem juru silem iku muncul ing duwur banyu, juru silem mau kaya dene krungu kumandang in sajerone atine. Nalika alunan kumandang iku saka sathithik sirna, dumadakan ing sajeroning ati juru silem mau angrasakake anane sawijine wacana (wawan sabda) kang kasinambungan, alus lan nikmat. Lan pangalaman kalelep ing kahanan kosong iku samono ajaibe, nganti datan bisa kagambarake kanthi tembung. Pangalaman kang kaya mangkono iku kang ambukak dalan tumuju marang bengawan makrifat. Sabab, liwat pangalaman kelelep ing kahanan kang kosong iki, sauwise kawula andedonga terus-terus marang Pangeran, Allah amaringi wangsulan

tumrap saben panuwune kanthi pangandika kang alus lan nikmat. Ing kahanan kang mangkono iku Pangeran amedar marang kawula-Ne ngelmu-ngelmu kang jero kang manungsa datan kaconggah ngaweruhi dewe. Mula kang mangkono iku tumrap marang kawula mau dadi saranakanggo anggayuh wawasan makrifat kang luwih jembar lan ka-arifan kang paripurna. Ing pihak siji kawula iku andedonga lan ing pihak sijine Gusti Allah kanthi mitontonake ka-Agungan (tajalli) Wujud Katuhanane, maringi wangsulan tumrap kabeh panuwune kawula mau. Ing kahanan kang mangkono iku kawula iku kaya dene andulu Gustine ing alam iki; lan tumrap marang kawula iku loro-lorone alam (donya lan akhirat) iku dadi padha, datan bisa kabedakake.

(Ruhani Khazain, jilid I, kaca 260—262 catatan kaki Barahin Ahmadiyah)

Corak ilham liyane datan gegayutan kalayan atining manungsa malah kaya dene suwara kang pinangkane saka jaba. Suwara iku kaya dene pinangkane saka samburine aling-aling. Ananging suwara iki nikmat banget lan gamblang lan rada cepet kapirenge, kasababake dening merasuke suwara mau kanthi sahdu ing sajerone ati. Manungsa ing kahanan kadar kang wus katetepake amblas ing alam pikirane dewe banjur dumadakan suwara iki nerobos marang alam pikirane, mula dadi anggumunake saka ngendi lumebune suwara mau? Sapa ta kang celathu iku mau? Kaya uwong kang gumun uwong mau bisa mengarep lan memburi, banjur lagi sadar yen suwara mau asale saka malaikat. Suwara saka jaba iki kerep teka arupa kabar suka ing wektu manungsa lagi ngalami rasa bingung lan sedih angadepi sawijine masalah.

(Ruhani Khazain, jilid 1, kaca 287; Barahin Ahmadiyah, catatan kaki)

Wus dadi suratan takdir dene sapa kang anduweni nur nadyan mung sathithik, banjur kaparingan nur tambahan. Dene wong kang datan darbe nur, wong mau ora kaparingan. Sing sapa kaparingan mampu andulu cahya, ya wong iku kang diberkahi kemampuan andulu cahya sang surya. Ewadene wong kang matane ora darbe kemampuan andulu cahya, salawase ora bakal bisa andulu surya. Sabenere, wong kang batine kurang cahyane, uga kurang olehe

nampa panyinaran saka jaba. Sing sapa batine darbe cahya kang mantep, uga mantep olehe panyinaran saka jaba.

(Ruhani Khazain, jilid 1, Barahin Ahmadiyah catatan kaki, kaca 195, 196)

Gusti Allah wus ambagi alam semesta kang ajaib iki dadi telung bagian. Kasiji, alam lahir kang bisa diindera dening mata, talingan, lan panginderan lahir liyane, utawa bisa dirasakake lumantar saka alat-alat pembantu lahir. Kapindo, alam batin kang bisa dipahami lumantar saka akal lan praduga (hipotesa). Katelu, alam batin kang luwih alus maneh lan awujud alam maha alus, datan bisa kagayuh dening manungsa, apa dene dening daya ciptaning manungsa. Mung sathithik manungsa kang nyumurupi anane alam iki. Alam iki alam gaib kang akaling manungsa datan pinaringan kemampuan kanggo amahami alam iki, kejaba mung angira-ira bae. Alam iki datan bisa disumurupi lantaran saka srana apa bae, kajaba lantaran saka kasyaf, yaiku pandulu gaib, wahyu lan ilham. Kaya dene wus kabutakake kanthi nyata saka sunahe Kang Maha Agung, yen kanggo nyumurupi alam loro kang kasebut ing duwur mau, Gusti Allah maringi marang manungsa warna-warna srana kanggo ngindra lan warna-warna kekuwatan, mangkono uga kanggo nyumurupi alam katelu Gusti Allah uga wus anetepake sawijining srana kanggo manungsa. Srana iku wahyu, ilham, lan kasyaf kang ing sakabehing jaman tanpa ana selane utawa tinunda, malah uwong-uwong kang anyukupi sarate wus pada tampa utawa bakal pada nampa srana-srana iku.

(Ruhani Khazain, jilid 2, Surma Casma-e-arya, kaca 127)

MALAIKAT

Sarana angaji Al Quran Suci kanthi jero kita maklumi yen kanggo nindakake panggulawentah lahir utawa batin tumrap manungsa lan uga kanggo pangembangan saindenging alam jagad agung kudu ana 'lantaran'. utawa 'sambungan' (link = Inggris); schakel (Walanda); media/medium (perantara). Saka sawatara isyarat ing Al Quran kita nyumurupi, kanthi tetela, yen sawenehe wujud suci kang disebut malaikat-malaikat ana gegayutane kalayan warna-warna badan langit. Ing antarane ana kang nganggo kemampuan-kemampuan khase bisa anglakokake angin lan warna-warna

barang liyane, marakake tibane udan lan mangkono uga anyebabake pengaruh-pengaruh kosmik liya tiba ing bumi.

(Ruhani Khazain, jilid 3, kaca 70; Tauzih Maram, kaca 22)

Perlu kagatekake yen miturut syariat Islam derajat kemampuaning malaikat iku datan ngluwihi kemampuaning manungsa; malah kemampuaning manungsa iku luwih unggul katimbang karo malaikat. Wondene anane wus ditetepake yen malaikat-malaikat minangka dadi 'sambungan' utawa 'lantaran' ing tatanan (nizam) jasmani utawa tatanan rohani datan dadi piranti kanggo angukur keluwihaning malaikat. Miturut Al Quran Suci malah malaikat kaparingan tugas pagaweyan kaya dene khadim-khadim (pembantu).

(Ruhani Khazain, jilid 3, kaca 74; Tauzih Maram, kaca 26)

Apa ta kang dikarepake nganggo tembung 'tumurune malaikat' iku? Wus tetela yen Gusti Allah kagungan pakulinan kaya mangkene: Yen sawijine rasul utawa nabi utawa muhadis tumurun saka Langit akarya bebenah ing antarane titahing Pangeran, wus mesti para utusan lan para muride dibarengi dening malaikat kang angrasukake pituduh ing sajeroning atine para uwong kang wus sumadiya anampa pituduh iku lan andadekake uwong-uwong iku condong nindakake kabecikan. Malaikat-malaikat iku tumurun terus sadurunge pepeteng lan kakafiran lan panyelewengan saka dalam kang bener sirna, lan sadurunge fajaring keimanan lan ketakwaan wiwit suminar. Mangkene pangandikane Gusti Allah:

تنزل الملئكة والروح فيها باذن ربهم من كل امر ○ سلم هى حتى مطلع الفجر ○

"Ing kono tumurun malaikat lan Roh (malaikat) kanthi ijin Gusti nira babagan sakabehing urusan. Kanthi tentrem nganti-temekane fajar." (97 : 5, 6)

Wondene tegese, tumurune malaikat lan Rohulkudus ing saat sawenehe manungsa kang mulya angagem busana khilafat lan dikurmati angandika kalayan Gusti Allah tumurun ing bumi. Rohulkudus kanthi istimewa kaparingake marang khalifah iki.

(Ruhani Khazain, jilid 3; Fatah Islam, catatan kaki, kaca 12)

JIHAD

Islam datan nate mulangake paksan. Yen kita anyinaoni isine Al Quran kanthi titi, kabeh kitab Hadis lan Babad, banjur kita maca lan ngrungokake, banjur angrenungake kanthi sajero-jerone, sauwise kita nampa katerangan samono akehe babagan prakara iku, kita bisa agawe ringkesan kang positip sarta pasti yen pandakwa manawa panyebaran agama iku kanthi paksan, lan Islam kasebar kalayan angunus pedang, iku mung pandakwa kang tanpa alasan sarta benget mirangake. Iku panemune uwong kang datan nate nyinaoni Al Quran, kitab-kitab Hadis lan kitab-kitab babad kang kena diandelake kamurniane tanpa rasa curiga, ananging uwong-uwong mau malah kosokbaline, banjur tanpa ragu-ragu goroh lan ngetokake padakwa palsu. Ananging ingsun uninga, yen jamane saya cedak nalika uwong-uwong kang krasa luwe lan ngelak marang kabeneran bakal nyumurupi hakikat pandakwa palsu iku. Apa uwong bisa ngarani goroh tumrap agama kang ing Kitab Al Quran kanthi tetela kadawuhake dening Pangeran:

لا اكراه فى الدين

"Datan bisa kabenerake anganggo paksan supaya angleboni agama." (2:257)

Apa kita bisa andakwa Nabi kang suci iki nganggo kakerasan, kang lawase telulas tahun rina-wengi maringi piwulang marang para sahabate supaya aja anglawan kejahatan kanthi kejahatan lan supaya tansah tetap sabar? Ya, nalika kajahatane mungsuh wus ngliwati wates, lan kabeh kaum wus angudi daya amrih sirnane Islam, nembe ghairat Ilahi anuntut supaya sing sapa ngunus pedang kudu dilawan nganggo pedang. Mangka Al Quran babar pisan datan ngawulangake kakerasan. Saupama bener mangkono. mokal para sahabat mitontonake katulusan ing atase uwong Mukmin sejati, nalika pada ngarepake coba. Ewadene, kaprasatyane para Sahabat marang Junjungan kita Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. iku sawijine pratanda kang samono nyatane, saengga wus banget ngayakinake. Datan kaumpet-umpetake kanggo sapa bae yen tuladha kang kapitontonake dening para sahabat arupa katulusan lan kaprasetyan iku samono tetelane, nganti datan gampang bisa nemokake uwong liya kang amadhani ing antarane kaum-kaum

liya. Sanadyan uripe ana ing babaya saka ancamaning pedang, kaum kang prasetya iki datan anggeser saka kasetyane lan katulusane, malah saya nyata anggone pada mitontonake katulusan lan kaprasatyan kang luwih gede maneh marang Nabi-ne kang agung apa dene suci, nganti datan ana manungsa kang bisa nuduhake katulusan lan kaprasatyane, sadurunge ati lan dadane dipadangi dening cahyaning iman. Ringkese, ing Islam datan ana paksan.

(Ruhani Khazain, jilid 15, Masih Hindustan Mein, Pendahuluan, kaca 11, 12)

Ing antarane kaum Muslimin sejati kang nate urip ing donya iki datan ana kang nate nganut kaidah (pathokan) yen Islam kudu kasebarake sarana nganggo pedang. Kosokbaline, Islam iku sumebar ing donya saka dayane kaendahane kang nyawiji ana ing Zat-E. Dadi, sing sapa sajerone angaku dirine uwong Islam mung sumurup yen Islam kudu disebar sarana nganggo pedang, uwong mau datan angakoni kaendahan-kaendahan kang nyawiji ing Zat-E.

(Ruhani Khazain, jilid 15; Tiryaqul Qulub, kaca 35, catatan kaki)

DONGA

Yen nugrahaning Pangeran saya cedhak, Pangeran banjur aparing srana murih donga bisaa dikabulake. Ing sajeroning ati tuwuh rasa lembut, kaangetan lan lumer. Ewadene, yen donga mau durung wektune kakabulake, ing sajeroning ati datan ana rasa tentrem lan sumende. Di kaya ngapa olehe angudi daya, pangrasa datan ana tanggapane. Wondene sababe, kala-kala Gusti Allah ngersakake supaya apa kang wus tinakdirake kelakon, ananging ana kalane Pangeran angabulake donga. Pramula saka iku, yen ingsun isih durung nyumurupi gelagat anane Allah bakal amarengake, ingsun mung darbe pangarep-arep santhithik manawa donganingsun bakal dikabulake. Lan, ing kahanan kang kaya mangkono iku kabungahan ingsun atas karsane Gusti Allah manawa Takdir-E bakal tumindak luwih gede katimbang karo yen donganingsun bakal dikabulake. Sabab, berkah saka karelan atas karsane Pangeran iku akeh banget.

(Malfuzat, jilid 1, kaca 440)

AKIDAH INGSUN

Inti sarta pathining agamaningsun kamot ing kalimah

لا إله إلا الله محمد رسول الله

(Datan ana Pangeran kajaba saka Allah lan Muhammad iku Utusane Allah).

Itikad kang ingsun anut ing donya lan, kanthi nugraha sarta taufik saka Gusti Allah, kalayan kalimah iku ingsun bakal ninggal alam fana iki ing tembe. Sayyidina Maulana Muhammad shalallahu 'alaihi wasallam iku Khataman Nabiyyin. Ing astane Panjenengane agama wus dadi ganep, lan nikmate Allah wus tekan derajat sampurna. Kalayan lantarane agama iku manungsa lumaku ing dalan kang bener lan bisa tumuju marang Gusti Allah Maha Luhur. Ingsun yakin sayakin-yakin ingsun yen Al Quran Suci iku Kitab samawi kang dadi patrining Kitab-kitab Suci liyane kabeh; lan sareate, dalil-dalile, hukum-hukume, lan dawuh-dawuhe datan bisa kawuwuhan, sanadyan mung arupa siji titik utawa noktah, uga datan bisa dikurangi. Saiki datan bisa tumurun maneh wahyu utawa ilham saka Gusti Allah kang ambenerake utawa ambatalake, utawa angowahi utawa angganti hukum Al Quran siji-sijiya. Yen ana uwong kang darbe pandangan kosokbaline, miturut pandangan ingsun uwong mau wus ninggal jemaate uwong mukmin lan dadi mulhid (uwong kang nyimpang saka dalan kang bener) lan uwong mau kafir.

(Ruhani Khazain, jilid 3; Izalah Auham, kaca 169, 170)

E, uwong-uwong kang pada mukim ana ing salumahing bawana! E, sakabehe roh insan kang pada mukim ana ing paron bawana sisih wetan lan sisih kulon! Ingsun, kanthi sabener-benere anjaluk wigatine para sadulur kabeh yen agama kang bener iku Islam lan Tuhan kang bener iku kaya kang diterangake dening Al Quran. Nabi kang darbe kauripan rohani langgeng lan lenggah ing dampar kegagahan lan kesucian iku Kanjeng Nabi Muhammad shalallahu 'alaihi wasallam.

(Ruhani Khazain, jilid 15; Tiryaqul Qulub, kaca 7)

DOSA

Dosa iku sabenere racun kang tuwuh ing saat manungsa lagi lengah saka ketaatan, kosong saka katresnan lan rasa kangen marang Gusti Allah. Datan beda karo sawijining uwit, yen dicabut oyode saka lemah, datan bisa nyerap banyu, mulane suwe-suwe bakal dadi garing lan pungkasane kabeh gegodongane kang ijo seger dadi layu. Mangkono uga kahanane manungsa kang atine dicabut saka oyod katresnane Gusti Allah. Mulane, kaya dene saya garinge uwit, dosa iku nelukake atine. Saka sabab iku, tamba kang bisa marekake kagaringan iku, miturut hukum kodrate alam, ana telung rupa anggone anambani: (1) katresnan; (2) istigfar; tegese, kepengin aneken lan anutupi; sabab, salawase oyod uwit isih temancep ing jeroning bumi, salawase isih ana pangarep-arep bakal pulih dadi ijo; (3) tamba kang katelu iku tobat; yaiku rujuk maneh kalayan Gusti Allah sarana angasorake dirine lan angudidaya amrih bisane nyedaki marang Pangeran sarta ngetokake diri saka sajerone aling-aling maksiat sarana nindakake amal saleh. Tobat iku datan mung anganggo cangkem bae, ananging tobat kasampurnakake dening amal saleh. Kabeh amal saleh iku tumuju marang anyampurnakake tobat mau.

(Ruhani Khazain, jilid 12, kaca 328; Sirajuddin Isai ke car Suwalon ka Jawab kaca 2, 3.)

NIJAT (KASLAMETAN)

Prakara kang dipaparake ing kitab Injil gegayutan karo Nijat (kaslametan) yaiku piwulange Nabi Isa a.s. dipalang lan Panebusan dosa, dening Al Quran Suci ditolak. Lan, sanadyan Al Quran ngakoni Nabi Isa a.s. sawijining nabi suci lan anetepake Nabi Isa a.s. dadi kekasihe Gusti Allah, wujud kang kecedak marang Pangeran, lan insan kang sarwa mulus, ananging Al Quran anerangake yen Nabi Isa a.s. iku mung manungsa lumrah. Islam datan ngakoni yen kanggo kaslametan dosane manungsa bisa dipindah menyang uwong liya kang datan darbe dosa. Nalar uga datan bisa narima yen kang ditahan si Bakar, mangka kang dosa iku Si Zaid. Pemerintah duniawi uga datan nate nindakake pakarya kang kaya mangkono. Eman banget dene gegayutan karo prakara kaslametan

iki kaya kang tumindak ing antarane kaum Kristen wus dadi salah kaprah lan ninggal hakekat (kasunyatan) kang sabenere. Sabab miturut akidah uwong-uwong Arya (Hindu) tobat lan istigfar uga datan ana tegese babar pisan. Salawase manungsa durung angalami sawarnane panitisan (re-inkarnasi) kang wus ditetepake (ing pi-wulang Arya) kanggo ngilangake dosa kang nate dilakoni, salawase iku mau nijat datan bisa ditampa.

(Ruhani Khazain, jilid 23, kaca 414; Casma-e-Ma'rifat, kaca 44)

URIP SAUWISE MATI

Ing agama Islam prakara iki sawijine filsafat kang luhur banget kang anerangake yen ing alam kubur saben jiwa bakal kaparingan kaya dene jasad kang dadi piranti kanggo nyumurupi lan angrasa-kake kenikmatan lan siksaan. Kita datan bisa anggambarake ka-hanane jasad iku kanthi rinci lan saka bahan apa dumadine, sabab jasad kang fana iki bakal ilang, lan datan ana uwong kang nyumu-rupi yen jasad iki ing alam kubur diuripake maneh. Sabab akeh jasad-jasad kang dibakar sauwise mati, lan kadangkala rangkane jasad disimpen ana ing musium lan ana uga kang disimpen ing pang-gonan liya sajabane kubur. Saupama jasad iku mau kang bakal di-uripake maneh, mestine uwong-uwong bakal bisa anyumurupi kadadeyan iku. Ananging, ewa dene, wus nyata miturut Al Quran, ana kadadeyan yen uwong mati diuripake maneh. Sabab saka iku kita kudu nampa kasimpulan, jen manungsa iku bakal diuripake maneh kanthi jasad liya kang datan bisa katon dening pandulu lahir kita lan bisa uga jasad anyar iku kasusun saka atom-atom asal saka jasad iki uga. Sabab jasad anyar iku yen dibandingake karo jasad lawas kahanane alus banget, mulane kanggo jasad anyar iku lawange marang kemampuan andulu barang-barang gaib (mu-kasyifat) binuka kanthi amba.

(Ruhani Khazain, jilid 13, Kitabul Bariyah, kaca 70, 71)

R O H

Sateruse, dalil babagan anane gegayutan iku, yaiku, yen kita renungake kanthi jero, kita bakal nyumurupi yen babone roh iku

malah jasad iki uga. Roh datan tiba saka duwur lan lumebu sajeroning rahim wanita kang ngandeg, nanging sawijining Nur (cahya) kang wus kagawa dening nutfah (wiji manungsa) ing kahanan meneng (latent) lan angembang bareng karo jasad manungsa.

Kalam Suci Allah Taala (Al Quran) ambiak kawruh bab asale roh, yaiku yen roh iku asale saka jasad kang dumadi saka nutfah ing sajerone rahim sang ibu, kaya dene kang dingandikakake Gusti Allah ing Al Quran:

ثم انشأناه خلقا آخر فتبارك الله احسن الخالقين

"banjur Kita cipta jasad kang dumadi ing rahim ibu dadi salin rupa lan kita wetokake maneh siji ciptaan liya kang jenenge roh. Lan Maha Agung Berkahe Gusti Allah kang tanpa ana kang amadhani."

(Ruhani Khazain, kaca 10; Filsafat Ajaran Islam kaca 9)

Dadi kaya dene sawijine kebon datan bisa tuwuh dadi gede tanpa banyu, mangkono uga iman tanpa amal saleh uga datan bisa diarani iman kang urip. Saupama iman iku ana, ananging tanpa amal, iman iku mesti tanpa gawe; kosokbaline, yen amal iku ana, nanging tanpa iman, amal iku ora liya mung pamer. Miturut Islam suwarga iku sabenere gambarane amal-amal lan iman kang wus kalakon ing donya iki. Suwarga iku dudu sawijine kahanan kang anyar kang bisa digayuh manungsa saka sanjabane diri manungsa mau, ananging surga kang kasedyaake kanggo manungsa iku suwarga kang kacipta dening manungsa iku dewe. Suwarga kanggo sijisijine manungsa iku uwohing iman lan amal saleh manungsa dewedewe kang wiwit dinikmati wong mau ing donya iki.

(Ruhani Khazain, jilid 10; Filsafat Ajaran Islam, kaca 76)

HAKEKAT YAJUJ LAN MAJUJ

Yajuj lan Majuj iku bangsa kang ing donya iki ngungguli bangsa bangsa liya lan dadi gurune bangsa-bangsa liya babagan pandayagunane geni, malah anyipta piranti kanggo andaya-gunaake pisan. Wondene jenenge iku (tembung Yajuj lan Majuj kaserap saka temtembung *ajij* kang tegese geni) mratandakake yen kapal-kapal, kreta-kreta lan kabeh mesin-mesine lumaku sarana nganggo geni kang dadi bahan bakare. Mangkono uga peperangane anganggo

dayane geni. Yajuj Majuj iku bakal ngungguli kabeh bangsa-bangsa sadonya ing babagan teknik pandayagunane geni. Mulane bangsa iku diarani Yajuj Majuj. Mulane, Yajuj Majuj iku ora liya bangsa 'Barat', kang ing babagan teknik migunakake genisamono mahire, aktip, lan nonjol, ngantidatan perlu diterangake akeh-akeh. Ing Kitab-kitab Suci tuwa kang kaparingake marang para nabi bani Israil, ya uwong Eropa iku kang dijuluki Yajuj lan Majuj, malah jeneng Moskow ibukota kerajaan Rusia purba uga katulis ing kitab-kitab suci iku. Dadi wus katetepake yen Masih Mau'ud lahir ing jaman Yajuj lan Majuj.

(Ruhani Khazain, jilid 14, Ayyamus Sulh, kaca 182, 183)

MUSIM CAHYA

Kaya dene kang pada sira gatekake, wowohan pada metu ing mangsa ne dewe-dewe, mangkono uga Cahya ana mangsane tumurun. Sadurunge Cahya iku tumurun, sapa bae datan bisa anurunake. Manawa Cahya iku turun, sapa bae datan bisa ngalang-alangi. Ananging, uwis mesti tuwuh panemu kang beda-beda lan sikap ora saruju babagan bener apa palsu, ananging pungkasane kabeneran mesti menang. Sabab prakara iki dudu urusane manungsa lan datan perlu ana campur tangane anak-putune Adam, malah iki sunah Allah (karya saka Langit) kang mranata panggantiane mangsa, kang mranata pamuteraning wektu, kang angetokake rina saka wengi. Gusti Allah uga anyipta kepetengan, sanadyan kang dikarsakake iku padang. Pangeran uga ngetogake kamusrikan sumebar, ewadene kang direnani malah Tauhid. Pangeran datan ngarsakake sifat Kagagahane diparingake marang liyan. Sejak kadadeyane manungsa nganti manungsa iku sirna saka donya iki, mangkono iku hukum kodrat iku tumindak kanggo tansah ngluhurake Tauhid.

(Ruhani Khazain, jilid 65, Masih Hindustan Mei, kaca 65)

O Gusti Allah, O Sang Murbeng Titah, Paduka Ingkang anutupi aib, Maha Kuwaos, O Ingkang Kinasih, Ingkang Angayomi, Pangayom kawula.

Namung saking paringing nugraha Paduka, kawula Paduka tresnani. Saupami datan makatena, ing balairung Paduka datan bade kakirangan kawula.

Ingkang ing wiwitan mitra, sadaya malih dados mengsah
Ewadene, Paduka datan nate nilar kawula, O, mitra ing wanci kesedihan.
O, mitra kawula Ingkang tanpa upami, O, Ingkang Aparing gesang kawula,
Paduka sampun murangkabi tumrap kawula, tanpa Paduka kawula sanes punapa-punapa.
Saupami datan saking kamirahan Paduka, kawula sirna dados lebu
Namung Paduka ingkang uninga bade kabucal dateng pundi lebu punika.

O, sapinten agenging manah kawula, yen kapareng angurbanaken jisim kawula, jiwa kawula, manah kawula
Kawula datan sumerep kados pundi kawula kedah nglahiraken katresnan kawula ing ngarsa Paduka.

Saking wiwitan kawula tansah angeyub ing sangandaping suwiwi Paduka
Ing margi Paduka kawula tansah nyesep susu saking katresnan Paduka.

Saking turunan titah Paduka salaminipun datan katingal kaprasetyan ingkang Paduka darbeni.
Datan wonten mitra ing kasedihan kawula kajawi Paduka.

Tiyang sami cariyos datan wonten tiyang ingkang patut katampi
Datan layak yen kawula kaparingan palenggahan ing balairung Paduka.

Samanten kathahipun nugraha saha rahmat ingkang Paduka sokaken dateng kawula
Datan kuwawi kawula angetang cacahipun saengga dinten kiamat.

(Ruhani Khazain, jilid 2; Barahin Ahmadiyah, bag. V, kaca 127)

QURAN KARIM

Quran iku kanthong kang isine watu-watu raja brana, ananging uwong-uwong datan merduli.

(Malfuzat, jilid 2, kaca 344)

Al Quran iku samono agunge nganti datan ana kitab liya kang bisa ngungkuli kaagungane. Al Quran iku *Al-Hakam*, yaiku, pemutus prakara; Al Quran uga *Muhaimin*, yaiku, kumpulan sakabehing pituduh. Al Quran ngumpulake sakabehe dalil lan ambuyarake pamusatan kakuataning musuh. Al Quran iku sawijine Kitab kang ing jerone kamot apa apa bae kanthi dirinci lan ing jerone ana kabar-kabar suka kang bakal dumadi ing jaman kang bakal dialami lan ing jaman kang wus kapungkur. Kapalsuan datan bisa nyerang saka ngarep apa dene saka mburi, lan Al Quran iku Cahyane Gusti Allah.

(Ruhani Khazain, jilid 16; Khutbah Ilhamiyah, kaca 59)

Wruhana yen mukjizat Al Quran Suci kang nonjol dewe yaiku, Al Quran iku samodra ka-arifan, ka-beneran, ngelmu kabijakan kang bisa madangi kanthi semarak saben bangsa dan kabeh manungsa lan rupa-rupa bisa — India, Persia, Eropa, Amerika utawa nagara ing endi bae. Mukjizat Al Quran mampu agawe bangsa-bangsa tanpa tenaga, bisu lan tanpa daya. Kandungan maksude Al Quran muncul saka lumahing bawana saben jaman miturut tuntutan lan owah-owahaning jaman lan anjaga kaya dene prajurit sikep gegaman yen ana bebaya tuwuhe pikiran-pikiran jahat ing saben jaman. Saupama Al Quran diwatesi jangkane kapirsani saka segi kabeneran-kabeneran lan wadining ngelmu-ngelmune, Al Quran datan bisa dianggep sawijining mukjizat kang paripurna.

(Ruhani Khazain, jilid 3, Izalah Aulam, bag. I, kaca 305)

Al Quran Suci iku sawijine mukjizat kang durung nate lan datan bakal ana kang amadhani. Nikmat lan berkate bakal mili salawas-lawase lan katerangan sarta sumirate bakal katon ing saben jaman kaya nalika sugenge Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. Kajaba saka iku, elingana yen ucapane manungsa iku gumantung saka kemampuan daya pikire. Saya gede kemampuane, saya gede bobot ucapane. Gegayutan karo wahyu Ilahi uga mangkono sipate. Saya luhur daya panalare uwong kang nampa wahyu, saya agung bobote wahyu Ilahi kang ditampa. Sabab daya nalar, kemampuan saha kemantepan penggalihe Rasulullah s.a.w. anjangka telatah kang banget jembare, mulane kanggo wahyu kang ditampa Rasulullah s.a.w. iku uga nganti tekan tingkat kang duwur banget nganti datan bakal ana kang sawijining uwong kang bakal lahir kang

anduweni kemampuan ngluwihi saka kemampuane Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w.

(Malfuzat, jilid 3, kaca 57)

Ingsun dawuhake kanthi sajujur-jujure lan sanadyan dialang-alangi supaya aja nganti andawuhake apa-apa, yen saupama Rasulullah s.a.w. datan tampil ing panggung donya lan saupama Al Quran Suci — kang daya pengaruhe tansah disekseni dening para imam lan para suciwan ing jaman biyen — datan diturunake, bakal angel kanggo kita kanggo nyumurupi kanthi yakin mung kanthi nyinaoni Kitab Bible kagungane Nabi Musa a.s., Nabi Isa a.s. lan para nabi liyane saka jaman biyen iku bener-bener kalebu golongan uwong suci lan kudus, kang kanthi nugrahaning Pangeran, wus kapilih dadi nabi. Kita kudu angakoni manawa saka berkahe Al Quran Majid kang saben jaman mitontonake sumirate cahyane lan pramula berkah cahyane kang paripurna iku kabenerane para nabi saka jaman biyen-biyen wus kita sekseni. Kabecikan iku datan mung lumeber marang kita, nanging uga lumeber marang para nabi kabeh, turun-temurun wiwit saka Nabi Adam a.s. nganti Nabi Isa a.s. kang sugenge sadurunge Al Quran.

(Ruhani Khazain, jilid I, sub catatan kaki, kaca 290)

Lupute dewe wong wuta datan bisa andulu
Ing atase cahya samono terange
Sumirat mangkono padange kadya atusan baskara
Cilaka uwong urip ing donya
Kang lumaku ing pepadang, ewadene atine wuta.

(Ruhani Khazain, jilid 00, Barahin Ahmadiyah, bag. 3 kaca 274, 275, catatan kaki)

E, putra-putraningsun kinasih, mara rungokna!
Datan bisa manungsa anemu Kabenaran tanpa karya Al Quran
Cahya kang tansah madangi kalbu
Anyirnaake pepeteng kang nutupi jaja
Mara ingsun pratelakake sipat-sipate
Yaiku anguripake marang kang urip
Lho waspadakna! Al Quran sumirat kadya sang surya
Apa bisa manungsa datan gelem narima?

Sakabehe dawuhe iku samodra hikmah
Aweh ngombe tirta marta Ilahi tanpa upama
Tamba panawar kanggo insan kang lara
Kang minangka pratanda saka Pangeran sarta anuduhake dalanira
Kang tansah anggawa pituduh
Kang tansah anggawe mareme driya
Nanging apa kandhane uwong kang nolak amarga wuta?
Kang den ucap ora liya amung tembung tanpa pangrasa.

(Ruhani Khazain, jilid I; Barahin Ahmadiyah, bag. II, kaca 269)

Ing wektu iki antarane kabeh Kitab Ilahi kang ana ing lumahing bumi iki mung ana siji Kitab Suci, yaiku Al Quran kang anane isih wutuh angandung Kalam Ilahi, kang kabuktekake kanthi dalil-dalil kang qat'i (datan bisa kabantah). Dasar piwulange bab Najat (kaslametan) iku bener kalandasan fitrat insani kang murni apa dene bening. Akidah-akidah kang diajokake samono paripurnane lan mantep nganti sakabehe kabenerane kasangga dening panyaksen dalil kang kuwat. Dhawuh-dhawuhe adhedhasar kabeneran kabeh. Piwulang-piwulange resik saka warna-warna unsur kang condong marang sirik, bid'ah lan pamuja marang titahing Pangeran. Ing sajerone Al Quran sumimpen semangat kang mulad-mulad kanggo anglahirake Keesaane Gusti, Keagungan lan Keluhurane Gusti Allah. Ing sajerone uga sumimpen sifat kang nonjol, yaiku, kang seret dening piwulang bab Keesaane Gusti kang babar pisan datan kecampuran bab-bab kang bisa angurangi utawa ngrusak sifat kang didarbeni dening Wujude Pangeran Kang Maha Suci. Kitab iku datan pisan-pisan anduweni niyat arep meksa manungsa supaya nampa sawijining akidah kang kawulangake. Kosokbaline, kitab iku sadurunge tansah mratelakake 'latar belakang' utawa sabab-sababe kabeneran, banjur ambuktekake kanthi katerangan-katerangan lan dalil-dalil saben maksud lan tujuan. Sauwise mratelakake dalil-dalil kang cetha bab hakekate saben prinsip, banjur anggawa manungsa marang martabat keyakinan kang paripurna lan makrifat kanthi ganep. Al Quran angadohake sakabehe kasenjangan, kajahatan, karegedan, karacuan kang ama ing akidah, tindak lan ucapan manungsa kanthi bantuan dalil-dalil kang cetha. Kitab iki mulangake saben budi pekerti lan tata krama kang perlu banget diweruhi manungsa supaya dadi manungsa kang duwe budi pekerti kang becik. Kitab Al Quran kanthi gigih anglawan saben unsur pengrusak (pikiran lan akhlak manungsa) anganggo

kekuwatan kang pada hebate karo unsur pengrusak iku kang ing jaman iki banget gede pengaruhe. Piwulange jejeg banget, mantep lan mulus, kaya dene sawijine pangilon kang mantulake pranatan hukum kodrat alam sawijine gambar sejati bab pranatan ajine fitrat kang ana ing satengahe alam. Kaya dene surya kang anyinari mata, Al Quran anyinari mataning ati lan mataning kalbu manungsa.

(Ruhani Khazain, jilid I, Barahin Ahmadiyah, kaca 81, 82)

AGAMA AGAMA DONYA

Ing antarane kabeh prinsip kang ingsun asta, salah siji yaiku Gusti Allah wus aparing dawuh marang ingsun manawa samono akehe agama kang sumebar ing donya lantaran para nabi; agama-agama iku mapan ing sabagian wilayah donya kanthi mantep, banjur bisa madeg ing sajerone jangka wektu kang dawa sarta melu darbe peranan ing wilayahe dewe-dewe. Agama-agama iku yen dititipriksa babagan kemurniane, dudu agama kang palsu, mangkono uga nabine dudu nabi palsu.

(Ruhani Khazain, jilid 12, kaca 256; Tohfah Qaisariyah, kaca 4)

Prinsip iki sawijine prinsip kang becik dewe, marakake tentrem, dadi dasare karukunan ingantarane bangsa-bangsa lan ambiantu ambangun bebuden kang becik, yaiku, kita kudu anganggep marang nabi-nabi kang teka ing donya iki, nadyan kang lahir ing Hindustan Iran, Cina utawa nagara liya, kabeh iku bener. Allah Taala wus anyerapake ing atine yutan manungsa supaya angurmati sarta amulyakake para nabi iku lan andadekake agama-agamane tetep madeg kanthi kukuh.

(Ruhani Khazain, jilid 12, kaca 259; Tohfah Qaisariyah, kaca 7)

RASA TRESNA MARANG SAPADHA-PADHA

Prinsip kang kita anut yaiku kita kudu mitontonake rasa tresna marang sakabehe Bani Adam. Saupama ana uwong kang meruhi omahe tanggane kang Hindu kobongan lan deweke ora menyat

saka palungguhane perlu tetulung ambasmi geni mau, kanthi terus ing ati ingsun nyatakake yen uwong iku dudu warganing golongan ingsun.

Saupama ing antarane murid-muridku ana kang weruh ana uwong kang sumedya mateni sawijining uwong Kristen, lan deweke datan gelem tetulung anylametake uwong Kristen iku, kanthi temen ingsun nyatakake yen uwong mau dudu warga saka golongan ingsun.

(Ruhani Khazain, jilid 12, kaca 28; Sirajun Munir, kaca 26)

Ingsun nyatakake marang sakabehe kaum Muslimin, kaum Kristen, kaum Hindu lan kaum Arya, yen ingdonya iki ingsun datan darbe mungsuh. Ingsun banget anresnani umat manungsa nganti kaya dene sawijine wanita kang kalayan tulus anresnani anak-anake, malah kepara luwih maneh. Ingsun mung dadi mungsuhe akidah-akidah palsu, kang mateni kabeneran. Tresna marang manungsa iku kuwajiban ingsun. Azas urip ingsun iku ambenci marang goroh, sirik, kazaliman, sakabehe tindak jahat, kapalsuan lan bebuden kang ala.

(Ruhani Khazain, jilid 17; Arbain, bag. I, kaca 2)

KAHANANE AHMADIYAH ING TEMBE

Ingsun nyatakake kanthi tulus sarta keyakinan lan kanthi gigih yen ingsun ngugemi kabeneran lan kalayan berkahing Pangeran bakal menang ing medan palagan tetarungan iki. Saweruh ingsun kanthi panduluning mata kang nyawang adoh, saindenging donya bakal ana ing sangisoring telapak sikiling kabeneran ingsun. Wus cedhak wektune ingsun bakal oleh kamenangan kang gemilang, sabab sawijining suwara liya ambiyantu suwaraningsun. Lan maneh, kanggo anambah kekuwatan tangan ingsun ana tangan liya kang datan kasatmata dening donya ananging ingsun sumurup kang angumandang, suwara 'Roh Samawi' kang anjiwani saben tembung lan saben aksara kang ingsun ucapake. Ing Langit tuwuh sawijine gejolak lan gelora kang wus manjalma dadi lebu sagegem lan banjur dadi boneka (golekan) cilik. Saben uwong kang datan anutup lawang tobat kanggo awake dewe, ing wektu kang cedak bakal anyekseni manawa ingsun anane ing donya iki datan saka kakarepan ingsun piyambak. Apa matane uwong-uwong kang me-

lek datan bisa nyumurupi pasuryan uwong kang bener? Apa uwong kang melek uga datan bisa angrasakake getering suwara samawi kang urip?

(Ruhani Khazain, jilid 3, kaca 403; Izalah Auham, kaca 403)

Pada mangertiya kanthi sayakin-yakine yen Jemaat iki sawijine bibit uwit kang ditandur dening astaning Pangeran. Pangeran mesti datan bakal anglirwakake bibit mau. Gusti Allah datan bakal rena salawase durung mirsani tuwuhe bibit mau dadi wujuding uwit kang paripurna. Pangeran bakal anyirami bibit mau kalayan banyu, lan Pangeran bakal mageri sakubenge. Pangeran bakal amaringi uwit iku kemajuan-kemajuan kang bakal angundang rasa kagum. Carane sira nyambut gawe kang giat. Saupama iki pagaweyane manungsa, uwit iki mesti bakal ditebang lan sirna tanpa sisa.

(Ruhani Khazain, jilid 2, kaca 46; Anjam-e-Atham, kaca 64)

KEMENANGAN AKHIR

Uwong-uwong duniawi mbokmanawa bakal pada angira yen pungkasane mbokmanawa agama Kristen bakal sumebar ing donya. Utawa, agama Budha bakal anguasai donya sakabehe, ananging panemu iku keliru. Pada elinga, datan ana apa-apa kang dumadi kang datan ditetapake dening Langit. Pramula, Gusti Allah maringi pirsa marang ingsun yen pungkasane Islam bakal anungkulake manungsa kabeh.

(Ruhani Khazain, jilid 21, Barahin Ahmadiyah, bag. V, kaca 427)

Tumrap manungsa ing lumahan bumi iki ing wektu iki datan ana Kitab liya kajaba Al Quran, lan tumrap kaum Bani Adam wektu iki datan ana sawijine Rasul lan Juru Safaat kajaba Muhammad Mustafa s.a.w. Sabab saka iku, angupayaa anggayuh katresnan samurni-murnine marang Nabi kang agung iki lan aja pisan anjunjung sapa bae ana ing derajat kang luwih duwur saka panjenengane, supaya sira kagolongake ing antarane uwong-uwong kang wus dislametake. Lan emutana kanthi temen yen Najat (kaslametan) iku dudu sawijine urusan kang bakal sira alami ing akhirat, nanging satemene Najat kang hakiki iku wus ngatonake cahyane ing alam

donya iki. Sapa kang oleh najat iku? Yaiku uwong kang yakin sabener-benere yen Gusti Allah iku ana, Lan manawa Muhammad s.a.w. iku Juru Safaat kang anengahi antara Gusti Allah lan umat manusia sakabehe; manawa ing sangisore sungkup lngit iki datan ana Rasul liya kang martabate pada karo panjenengane lan datan ana Kitab kang derajate pada karo Al Quran; manawa Gusti Allah datan marengake sapa bae urip salawas-lawase, ananging tumrap Nabi kang diparingi berkah kang luber-luber iku Gusti Allah angersakake mangkene, yaiku, manawa supaya bisa anguripake panjenengane salawas-lawase, Gusti Allah anetepake dasar kanggo anyalurake hikmah Syariat lan keberkatan rohani terus tumeka ing dina Kiamat.

(Kisyti Nuh, kaca 13)

Sarana aneliti riwayate Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w. bakal kanthi gamblang tumrap saben uwong kang amaos manawa Rasulullah s.a.w. datan ana kang amadhani babagan duwure derajate sarta kebersihane jiwane. Rasulullah s.a.w. sawaktu-waktu sumadya amasrahake jiwa-raga ing ngarsane Pangeran, datan angareparep pitulung saka manungsa. Panjenengane mung tawakal marang Pangeran. Sabab wus angabdekake wujude marang kersane lan karenane Pangeran, Rasulullah s.a.w. datan mreduli marang alangan kang bakal ngalang-alangi, lan datan mreduli marang kasengsaran kang bisa nibani selirane saka tangane kaum musrikin, akibat saka ngumandangake Tauhid Ilahi marang donya.

(Ruhani Khazain, jilid 1, Barahin Ahmadiyah, kaca 111)

Apa iki dudu sawijine kadadeyan kang nggumunake, yen ing jaman kabeh bangsa-bangsa pada darbe potensi keuangan, kaprajuritan, kailmuan, sawijine uwong kang papa, tanpa daya, ontanganting, tuna aksara, yatim, urip misah saka kerameyan, lan kahanane miskin, anggawa piwulang kang samono cemerlange, nganti kabeh penantange dadi bisu jalaran saka keterangan-keterangane kang datan bisa dibantah lan bukti-buktine kang mantep. Piwulang iku ambukak kesalahan-kesalahan gede uwong-uwong kang pada mbusungake dadane lan ngaku yen deweke iku uwong pinter lan ahli filsuf. Sanadyan mung piyambakan sugenge, lan ora kecukupan, bisa ngatonake darbe kekuatan nganti raja-raja pada diudunake saka tahta kerajaane lan nglungguhake uwong-uwong miskin ana ing palenggahane. Saupama datan kaparingan pitulunge Pa-

ngeran, apa bisa kadadeyan? Apa kanggo anungkulake donya prakara kabijakan, ilmu lan kekuwatan bisa kadadeyan tanpa pitulunge Pangeran?

(Ruhani Khazain, jilid 1, Barahin Ahmadiyah, kaca 191)

Gatekna, kepriye Rasulullah s.a.w. anggone jumeneng, datan kageser sathithik-thithika, amangku jabatan nabi, saka wiwitan nganti tumeka sedane, sanadyan tuwuh maewon-ewon bebaya lan muncul yutan mungsuh lan teka uwong-uwong kang angalang-alangi sarta angancam panjenengane. Mataun-taun Rasulullah s.a.w. anyekseni musibah-musibah lan Nabi angalami kesangsaraan kang bisa anggawe manungsa nglokro putus pangarep-arepe babar pisan. Saben dina kasangsaran saya mundak abot sanggane, nganti tumrap uwong kang gede ambisine kepengin bisa anggayuh tujuane, banjur dadi kuwatir, malah sawise ngumumake pangakone dadi nabi, sirna saka astane bantuan kang dinikmati sadurunge. Pangakone kang mung satembung, kabayar nganggo atusan ewu permusuhan lan anggawa musibah kanggo panjenengane. Rasulullah s.a.w. kausir saka kutha kelahiranne, dioyak-oyak sumedya disedani, dalem lan prabot omah dirusak nganti bola-bali.

(Ruhani Khazain, jilid 1, Barahin Ahmadiyah, kaca 108)

Daud 'alaihissalaam anguwatake kabeneran lan kaagungane Rasulullah s.a.w. nalika ngandika ing Mazmur 45:

Manawa kahanan sira elok dewe ing antarane anak Adam.
Sifat Kasih-angasihi kawaca ing bathin ira.
Mula saka iku tansah diberkati Allah salawase.
Sandangen pedangira, Pahlawan!
Kalayan kamulyan sarta pangagemira.
Mulane becike sira nitih kreta kanthi kamulyan
Kanthi rahayu karana sabdanira bab kabeneran
Sarta kalembutan saha kaadilan,
Lan tangan tengenira bakal ngawulangake
Prakara kang asipat luhur.

(Surma Casmae Arya, kaca 232—234)

Salam lan rahmat Paduka kang tanpa wates
Kaparingna marang Sang Mustafa
Saha panjenengane sira wus anjupuk sabundel cahya

Jiwaku tansah nyawiji karo jiwa Muhammad
Aku angombeni atiku serbat katresnan nganti sabokor
Panutan kita kang amancarake cahya terus-terus
asmane Muhammad
Panjenengane kang wus nalikung atiku
Mahkutane kabeh titahe Gusti Kang Jumeneng Nata ing Langit
Angungguli kabeh kang urip ing jaman kapungkur
Sumirat gumebyar kadya sitangsuning kaendahan
kabeh pandulu tumuju marang wujude
Satemene lir candra purnama kang amadhangi pepeteng
Kang teka andhisiki pada mandeg ing tengah dalan
Mung siji iki kang slamet tumeka
Tumeka mring kisik segara
Muga kurbanku den tarima
Dening gustiku kang sampurna
Kang sun trisnani tan winates dumununge (=Tuhan)
Pepunden saben relung atiku
Aku dikenalake dening Panjenengane, (= Muhammad)
kang mandiri ing panyuluhan.
Ing wektu iki panjenengane ratuning Kerajaan Rohani
Mahkuthane para nabi
Mula pantes kawastanan suci lan Al-Amin
Pandulune adoh marang jaman kang durung teka
Atine nyawiji kalayan Gusti
Angangkat obot dhuwur-dhuwur, patut dadi pusering cahya
Panjenengane kang amiyak jerone hikmah iman
sawijining raja wicaksana, kang nyata berbudi
Pati-uripku dak aturake cahya iku
Aku mung darbene wujud iku
Mung cahya iku kang dak pandeng, kabeh dewa mangsa bo-
ronga
mangkene iki putusan-akhirku

Nglengkara aku bisa naggayuh nikmat iki
saupama datan miturut marang pepundenku
anempuh dalane pepudenku, panutanku, kabanggaan para nabi, insan paripurna, Muhammad Mustafa shalallahu 'alaihi wassalam.

Apa-apa kang daktampa, daktampa lantaran saka taat marang panjenengane. Aku mangerti saka pangalamanku, nanging adhedhasar ilmu kang paripurna, yaiku, sapa wonge datan bisa

anggayuh kacedakan kalayan Pangeran tanpa taat marang Nabi iki, lan mokal bisa oleh makrifat kang sampurna.
Saiki ingsun dawuhake, yen, sauwise uwong taat marang Rasulullah saw kanthi temen lan tumemen, uwong mau dianugerahi ati kang condong marang kebecikan, ati kang sehat, yaiku kang adoh saka rasa seneng marang donya lan ati mau wiwit kepengin kanikmatan kang langgeng. Banjur kanggo gantine, ati mau wus layak nampa katresnan kang samurni-murnine saka Ilahi. Kabeh nikmat iki ditampa kaya dene warisan, berkat ketaatan marang Rasulullàh saw.

(Ruhani Khazain, jilid 22; Haqiqatul Wahyi, kaca 24, 25)